# Amul dara lu gën a tedd fa Yàlla mu kawe mi lii di ñaan

Jële na ñu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «Amul dara lu gën a tedd fa Yàlla mu kawe mi lii di ñaan».

[Tane na] [At-tirmisiy soloo na ko, ak Ibnu Maaja, ak Ahmat]

Leerarug adiis bi: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day leeral ne amul dara lu gën a tedd fa Yàlla ci jaamu yi lii di ñaan; ndaxte nangu la ci ne Yàlla ku doylu la -tudd naa sellam ga- ak nangu ne jaam bi dafa aajowoo Yàlla.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5509